



Pou Piblikasyon Imedya: 26/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN YON PWOGRAM DEVLOPMAN ÈD POU LOJMAN POU 22.8 MILYON DOLA NAN KONTE ERIE

Angela's House nan Cheektowaga ap Founi 67 Apatman pou Adilt ki gen Plis Pase 55 lane, k ap enkli 21 Inite Sipò

Pwogram Èd pou Lojman ak pou Sanzabri Eta a ap Founi 3.6 Milyon Dola pou Redevlope Lèl Istorik Villa Maria Academy an

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul anonse lansman pou Angela's House, yon devlopman 22.8 milyon dola ki pral transfòme yon lèl istorik Villa Maria Academy ki gen lontan li an somèy an lojman abòdab nan vil Cheektowaga ki nan Konte Erie a. Finanse anpati gras ak Pwogram Èd pou Lojman ak pou Asistans pou Sanzabri Eta a pou 3.6 milyon dola, pwojè a pral redevlope ansyen lekòl segondè pou fi a an 67 apatman abòdab, k ap gen ladan yo 21 inite sipò ki pral sèvi pou adilt ki gen plis pase 55 lane k ap goumen anba ensekirite nan lojman.

"Tout Nouyòkè merite yon kote ki sekirite e estab pou yo viv - espesyalman granmoun aje ak pèsonaj ki antre nan laj yo ki te fè eksperyans sanzabri," **dapre deklarasyon Gouvènè Hochul.** "Angela's House pral founi sèvis asistans pou lojman abòdab ke adilt ki antre nan laj nan Konte Erie yo ka itilize pou rezoud pwoblèm soujasan ki kontribye nan fè yo viv ensekirite nan lojman. Nou rete angaje pou yon avni pi briyan, pi enklizif pandan n ap rekonstwi New York, e pwojè tankou sa a pral ede nou atenn finalite sa a."

Pwojè a pral redevlope yon estrikti Neyogotik sis etaj ann 55 apatman ki gen yon chanm akouche ak 12 apatman ki gen de chanm akouche ki gen tout inite abòdab pou moun k ap touche 60 pousan nan revni medyàn zòn nan oswa mwens ke sa. Pami apatman sa yo ap gen 21 inite ki gen sèvis sipò ki pral rezève pou adilt 55 lane oswa ki gen plis ke sa ki te viv eksperyans sanzabri.

Konstwi an 1927 pou abrite yon entèna ak yon lekòl segondè pou Sè Felisyèn St. Francis yo, lèl batiman ke y ap amenaje aktyèlman an, se te Villa Maria Academy ki okipe li nan tan lontan, yon lekòl ki fèmen an 2006. Delta Development of Western New York, Inc. ap antreprann pwojè a, pandan CB-Emmanuel Realty li menm ap ajan lokasyon pwojè a.

Finansman travay yo enkli 3.6 milyon dola atravè Pwogram Èd pou Lojman ak pou Asistans pou Sanzabri, 3.4 milyon dola atravè Pwogram Opòtinite Lojman ak Sèvis Sipò New York State Homes and Community Renewal's (HCR), \$300,000 atravè vil Cheektowaga, epi \$60,000 nan men NYSEDA. Anplis de sa, pwojè a resevwa 8.8 milyon dola kòm fon pwòp pou kredi enpo pou lojman moun ak revni fèb yo, 3.4 milyon dola kòm fon pwòp pou istorik kredi enpo federal ak 2.8 milyon dola kòm fon pwòp pou kredi enpo istorik leta. Se Empire State Supportive Housing Initiative k ap founi finansman operasyonèl la atravè Depatman Sante piblik la.

Dirije pa Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ap bay sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repare lojman pou moun ki pa kapab jwenn lojman ki adekwat san asistans espesyal yo. Yo te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif ki te fèt pa Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Corporation, HHAC) Eta New York la, ki se yon kòporasyon avantaj piblik ki gen pèsònèl OTDA.

Komisè OTDA a, Mike Hein, te deklare, "Pèsònaj yo ta dwe ka vyeyi nan kominote yo an tout sekirite e san yon pa krenn enskite nan lojman. Angela's House pral founi lojman sekirite, abòdab pou moun sa yo ak fanmi yo, pandan y ap fè yo respire yon nouvo vi nan yon lèl kanpis sa a ki an somèy lontan. Mwen aplodi efò kontinyèl Gouvènè Hochul fè pou pwojè enpòtan sa yo pou ede atake koz ki fè gen sanzabri nan tout eta a nan rasin li."

Komisè HCR la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Envestisman nou an ki nan anviwon 23 milyon dola nan Angela's House se yon egzanp sa ki ka fèt lè leta ak òganizasyon fyab yo dedikase efò yo pou founi nouvo lojman pou sa ki pi nan bezwen yo. Gras ak patenarya nou gen ak Sè Felisyèn yo (Felician Sisters), CB Emmanuel Realty ak Delta Development, ansyen Villa Maria Academy nan Cheektowaga pral redefini an 67 lojman abòdab e dirab, ki enkli 21 ki gen sèvis sipò. Efò nou yo pou nou goumen kont fenomèn sanzabri a ak enskirite nan lojman nan tout eta a depann de patenarya nou ak dirijan gouvènman, prive e òganizasyon san bi likratif yo. Alòske nou kontinye ap jere pandemi COVID la, misyon sa a pi esansyèl ke jamè."

Komisè Depatman Sante a, Howard Zucker, te deklare, "Lojman sekirite ak asiste se fondasyon bon sante, e mwen konfyan ke Angela's House pral founi rezidan yo swen ke yo bezwen. Mwen fyè de efò kontinyèl nou yo pou nou fè eta nou an pwogrese e founi Nouyòkè yo sekirite ke yo bezwen an pou yon avni pi briyan e pi an sante."

Senatè Tim Kennedy deklare, "Lansman sa a se sinonim yon nouvo pwomès ak yon nouvo lespwa pou ansyen Lojman Villa Maria Academy Angela ki pral founi yon espas sekirite e asiste pou moun k ap fè fas ak fenomèn sanzabri a. Sa fè m plezi pou m wè angajman kontinyèl Eta New York ak Gouvènè Hochul genyen pou founi opòtinite lojman abòdab nan tout eta a nèt."

Manm Asanble Monica Wallace te deklare, "Pwojè sa a se deja yon lòt egzanp sou kijan gouvènman ka travay an patenarya ak sektè prive a pou rezoud kèk nan pwoblèm sosyal ki pi ijans nou yo. Gras ak redevlopman ansyen Villa Maria Academy an, n ap founi lojman abòdab pou plizyè douzèn moun ki vilnerab e n ap ofri yon bijou istorik nan kominote nou an yon nouvo lavi. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak patnè mwen yo nan eta a ak gouvènman lokal la pou investisman nan Cheektowaga ak travay yo pou asire ke vwazen a revni fèb nou yo, an patikilye pèsonaj yo, gen aksè ak lojman abòdab e sekirite."

Lejislatè Konte Erie a, Tim Meyers, te deklare, "Pandan ke kominote nou an kontinye ap releve anba pandemi an, pwojè pou lojman abòdab tankou Angela's House yo pral kontinye jwe yon wòl enpòtan nan byennèt vil ak rejyon nou an. Mwen vrèman rekonesan pou sipò ke Gouvènè Hochul te bay e mwen espere wè pi devan ki gran chanjman investisman sa a ka pote pou Cheektowaga ak tout Konte Erie a."

Sipèvizè Cheektowaga a, Diane Benczkowski, te deklare, "Mwen kontan anpil pou mwen wè, anfen, pwojè lojman ke n ap tann lontan sa a pote fwi. Pwojè sa a pral ofri opsyon lojman ki nouvo e ki abòdab pou moun ki pi vilnerab e ki nan bezwen yo nan vil Cheektowaga, sa ki enkli pèsonaj yo, ak moun ki gen bezwen soutyen. Revitalizasyon ak reyitilizasyon ansyen Lekòl Segondè Villa Maria a se yon repè ablematik nan vil Cheektowaga ak nan rejyon Western New York la. Se yon pwojè ki eksitan e mwen enpasyon pou m wè l fini."

Direktè Administratif ak Ko-Pwopriyete CB-Emmanuel Realty a, Benathan Upshaw, te deklare, "CB-Emmanuel gen anpil chans yon fwa ankò pou li asosye l ak Eta New York la sou yon lòt inisyativ lojman abòdab nan Lwès New York. Gen anpil lòt pou nou remèsye e rekonèt piske kalite efò sa yo enplike tèlman anpil aktè nan kominote a, nou ka site vil Cheektowaga a ak diferan patnè finansye yo. Angela's House pral se sèl adisyon inik ak transfòmasyon nan yon katye k ap emèje ke mwen konfyans ki pral amelyore kalite lavi pou anpil moun."

Sè Fransiskèn Felisyèn nan Amerik Dinò, Sè Judith Marie Kubicki deklare, "Tè ke nou kanpe sou li a se yon tè sakre - tè ki te konsakre pandan 84 lane pou edike jèn fi pou yo reyalize tout potansyèl yo anplèn. Jou sa a make kòmansman yon nouvo mwayen pou sèvi pèsonaj yo pandan y ap ofri yo lojman abòdab."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)